BAKI BEYNƏLXALQ MULTİKULTURALİZM MƏRKƏZİ

BAKU INTERNATIONAL MULTICULTURALISM CENTRE

**Бет1ерав редактор:**

Камал Абдулла
*Баку Халкъазда гьоркьосеб Мультикультурализм Централъул къайимлъи советалъул председатель, академик*

**Редакциялъулаб коллегия:**

Иса Х1абиббейли (*академик*), Азад Мамедов (*профессор*), Асиф Х1аджиев (*профессор*), Октай Самедов (*доцент*), Тельман Казимов (*доцент*), Гисмат Рустамов, Сарраф Х1усейнов, Реван Х1асанов

**Авар мац1алда жавабияй:**

Мах1аммад Нооев

*Т1exьалъул мужалаталъул нахъияб рахъалда азарбайжаналъул скульптор, халкъияв художник Горуша Бабаевасул «Китаби Деде Горгуд» эпосалъул мотивазда бахъарат сурат буго*
Фотограф*: Ах1мад Мухтаров*

ISBN: 978-9952-28-255-9

*© БХМЦ, 2015*

«Китаби-Дада-Горгуд» немец мац1алда т1оцебесеб таржама гьаби ва басмаялда бахъиялъул 200 сон т1убай к1одо гьабиялъул х1акъалъулъ Азарбайжан Республикаялъул Президентасул Указалда х1исабалда росулел тадбиразул планазда рекъон Баку Халкъазда гьоркьосеб Мультикультурализм Централъ гьеб 25 мац1алда басмаялда бахъана.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Азербайджан | Г1араб | Италиязулаб | Талыш | Француз |
| **Авар** | Г1урус | Китай | Тат | Фарс |
| Венгриязул | Жугьут1 | Курд | Турк | Хыналуг |
| Грек | Инглис | Лезги | Удин | Эрмени |
| Гуржи | Индеязулаб | Немец | Украин | Япон* |

* Гьеб т1ехь бук1инисеб испан, португаль, индонез, голланд, поляк, чех, болгар ва цогидал мац1азда бахъила.

## «Китаби-Дада-Горгуд» немец мац1алда т1оцебесеб таржама гьаби ва басмаялда бахъиялъул 200 сон т1убай к1одо гьабиялъул х1акъалъулъ Азарбайжан Республикаялъул Президентасул
## Указ

2015-абилеб соналъ Азарбайжан халкъалъул культурияб бечелъиялъул хазинаялда хасаб бак1 ккoлеб, ва киналго г1асрабазда миллияб-моралияб къуч1алдаса бат1алъулареб цо бут1алъун ккoлеб «Китаби-Дада-Горгуд» памятникалъул немец востоковед г1алимчи Фридрих фон Дицида батун басмаялда бахъи ва дунялалъул г1елмуялда лъазабиялъул 200 сон т1убана.

Араб гьеб заманалда «Дада Горгуд» эпосалъул г1емер ц1ех-рех гьабуна ва Горгуд лъазави бат1ияб г1елмуялъул цо бут1а г1адин лъугьиналъул рахъалъан к1вар бугел х1алт1иял гьаруна. 2000-абилеб соналъ «Китаби-Дада-Горгуд»ил 1300 сон т1убаялъул юбилей ЮНЕСКО-ялъул рахъалъ дунялалъул даражаялда гьаби памятникалъул ц1ех-рех гьабиялъул тарихалда ц1ияб этапалъул байбихьилъун бук1ана.

Миллияб-культурияб ирс ц1уни ва т1аде рач1унел г1елазе Азарбайжан миллияб рух1алда тарбия кьеялъе, «Дада-Горгуд» эпосалъул к1варалъухъ балагьун, Горгуд лъазавиялъул системияб х1аракат бахъиялъул т1алабалъ Азарбайжан Республикаялъул

Конституциялъул 109-абилеб статьялъул 32-абилеб пункт кьоч1ое босун х1укму гьабулеб буго.

1. Азарбайжан Республикаялъул Маданият ва Туризм Министерствоялъ, Азарбайжан Республикаялъул *Лъайкьеялъул* Министерство ва Азарбайжан Миллияб Г1елмуялъул Академиягун цадахъ, Баку Халкъазда гьоркьосеб Мультикультурализм Централъун аск1обе кколеб *Лъаялъул* Фондалъул ва Азарбайжан Хъвадарухъабазул Цолъиялъул предложениялги х1исабалда росун, «Китаби-Дада-Горгуд»ил немец г1алим Фридрих фон Дицица т1оцебесеб таржама,басмаялда бахъи ва дунялалъул г1елмуялда лъазабиялъул 200 сон т1убаялъул х1акъалъулъ программа х1адурун т1асдикъалъе г1оло Азарбайжан Республикаялъул Министеразул Кабинеталда бихье.

2. Азарбайжан Республикаялъул Министеразул Кабинеталъ гьеб Указалда цере ч1арал масалаби т1убай.

**Ильгьам Г1алиев**
Азарбайжан Республикаялъул Президент

Баку шагьар, **20 февраль 2015**



**Гьайнрих Фридрих фон Диц**

**(1751-1817)**

# *Фон Дицие рокьигун…*

*1815-абулел соназда немцазул машгьурав востоковед ва дипломат Гьайнрих Фон Дицица Азербайжаназул (Огузазул) эпос кколеб «Китаби-Дада-Горгуд»ил къиса немец мац1алде буссинабуна. Фон Дицица Пруссиялъул т1оцевесев посоль г1адин Г1усманияб х1укуматалда х1алт1улев мехалъ бак1араб бат1и-бат1иял Бакъбаккул улкабазул рукописазда гьоркьоб гьеб рукописалъе хасаб бак1 кьола. Гьанир рихьизарулел багьадураз, сюжеталъ гьесда греказул мифал рек1алде щвезарула, данде кколел, релълъарал бак1алги дагьал гьеч1о гьезул. Гьеб г1иллаялъе г1ологи, гьес басмаялда бахъизе кколеб таржамаялъе «Дада-Горгуд» хабаразда жаниб «Басатица Тапагоз ч1вараб» хабар т1аса бищула. Басатгун Одиссейил, Тапагозгун Полифемил цоцазда релълъиналъ, сюжетазда бугеб параллелаз Фон Дицие рес кьола «Дада-Горгуд» эпосалъул литературияб генеология нек1сиял къарнабазде балагьизе.*

*Ва Фон Дицица жиндир таржама, гъваридаб дандеквейгун анализ гьабун хъвараб цебераг1игун, Берлиналда басмаялда бахъана. Гьединго, 1815-абилеб соналъ «Китаби-Дада-Горгуд» эпос дунялалъулго г1елмуялда лъана. Цинги итальян, г1урус, турк, француз, немец, Америка ва Азербайжан г1алимаз Фон Дицица гьабураб х1алт1и г1ат1илъизабуна, бечедаб куцалъ Горгуд лъазавуна. Гьелдаса хадуб 200 сон унеб буго.*

*2015 соналъул феврал моц1алъул 20-абилеб тарихалда Азербайжаналъул Президент Илгьам Г1алиевас гьеб к1очон толареб лъугьа-бахъиналъул 200 сон т1убаялда бан ц1акъ*

*к1вар бугеб указалде гъолбас гьабуна. Гьеб указ машгьурав востоковед г1алим, X1X г1асруялъул немцазул филологиялда романтизм нухалъул вищунго ц1ар арав вакил Фон Дицил рух1азде Дада-Горгудил ирсилазул рахъалдасан гьабулеб х1урмат ва разилъиялъул сиясияб загьирлъи буго. Гьединлъидал, 2015-абилеб сон цого Азербайжаналъул гуро, дуняалалъул филологиялъулги, Горгуд лъазавулезулги байрамлъун ккана. Ц1алдолезде лъай-хъвай гьабизе кьолеб гьеб т1ехьалда Фон Дицица хъвараб цебераг1и ва «Дада-Горгуд» т1ехьалъул 12 хабаралдаса цояблъун кколеб - Фон Дицица т1аса бищараб «Басатица Тапагоз ч1вараб» хабар буго. Т1оцебе Берлиналда басмаялда бахъиялъул 200 сон т1убаниги, немцазул г1алимасул «Китаби-Дада-Горгуд» эпосалъул мисалалда Азербайжан халкъалъул моралияб потенциалалъе кьолеб т1адег1анаб къимат жакъаги к1вар бугеблъун ккола.*

*Ва жакъа ниж инсаниятальул къимтал жалазул системалда гьоркьоб бугеб хвел гьеч1еб эпосалъул цо кесекалъул ва Фон Дицил къиматаб цебераг1иялъул таржама дуняалалъул мац1азда басмаялда бахъиялъухъ ц1акъ роххунги ч1ух1унги руго. Бакуялде бугеб Халкъазда гьоркьосеб Мультикультурализм централъ ва Азербайжан Творческияб Фондалъ х1адурараб гьеб т1ехьалъ миллат ва диналъул бат1алъи гьеч1ел киналго ц1алдолезул рек1ее 200 сон цебе Фон Дицие гьабулеб г1адин асар гьабизеялъе дун божун вуго.*

*К1удияв г1алимчияс «Гомерил Циклопгун данде кквеялда дагьаб цебе батараб Огъуз» абураб цебераг1иялда хъвана: «Гьеб г1адада араб зах1мат гуро. Нек1о заманалда ккарал лъугьа-бахъиназул бец1лъарал рахъал канлъизаризе, нижедаса хадуб гьеб зах1маталдаса пайда босулел дагьалг1аги рази хут1изе». Гьеб гьедин бук1инеги бук1ана.Гьайнрих Фридрих Фон Диц ва кинаго Горгуд лъазавулазе к1удияб х1урмат ва рокьигун*

***Камал Абдулла***

ГЬАЙНРИХ ФРИДРИХ ФОН ДИЦ

# *Гомерилгун дандекквеялда дагьаб цебе батараб Огъуз Циклоп*

---

*Китаби-Дада Горгуд. Басатица Тапагоз ч1вараб хабар бицунеб буго*

Берлин - 1815 / Баку - 2015

# ГОМЕРИЛ ГУН ДАНДЕККВЕЯЛДА ДАГЪАБ ЦЕБЕ БАТАРАБ ОГЪУЗ ЦИКЛОП

Балъгояб миссиялъул советник ва прелат Гьайнрих Фридрих фон Дицица бихьизабула.

Гьалле ва Берлин, 1815

Гьалле бесдалазул рукъалъул библиотекаялъул комиссиялда

## ТАПАГОЗ, ГУРОНИ ОГЪУЗ ЦИКЛОП

### Татар-Турк мац1алда

**1.** Гьаб бет1ергун кьолеб рукописалъул т1оцебесеб т1амач1алда гьедин хъвана:


كتاب دده قورقود علي لسان طايفهٔ اوغوزان

Гьениб «Огъуз халкъалъул мац1алда Китаби-Дада Горгуд» (Горгуд инсул т1ехь)– абуна. Гьеб гьит1инаб фолианталда бугеб (бут1а) дир Бакъбаккул рукописазул данде гьарурал асаразул (къадар) 61-абилеб буго. Дрезден Краласул библиотекаялда бугеб гьеб рукописгун, гъалатал рук1аниги, дихъ бугеб (*Паулусил х1акъалъулъ рак1алдщвеял. IV бут1а. с.13 N86*) дурусго данде кколеб буго.

**2.** Гьеб бет1ералъ т1ехьалъул х1асил баян гьабич1олъиялъ ва лъаларев цо автор вихьизавиялъ

зах1малъиялде рач1ине бегьула, гьелдалъунги ц1алулезул гьебгун лъай-хъвай гьаби ц1акъго к1вар бугеблъун ккола.

**3.** [Рукописалъул] къокъаб цебераг1иялда абуна:

Расул Аварагас (Мух1амадил-рух1азда салават) г1умру гьабулеб заманалда г1агарго бугеб заманалда, хъизаназул цоялдаса Огъузазул киналго т1оцересел г1адамал (наслуялъул тартиб) лъик1 лъалев Горгуд Эмен (*Эмен-Дадагун цо буго*) абун цо бихьинавчи вахъана. Дас щиб бицаниги бегьула, бач1унелъул кинабго хабар бицинеб гьес. Аллагьас гьесул рек1ее рух1ияб къуват, гьунаралде гьира кьолеб буго. Горгуд инсуца гьедин абуна: Ахирисеб заманалъ пачалихъ жеги Гаяхъ  щвела ва гьеб гьезул кодоса лъиц аниги бахъизе бажариларо. Гьениб ахираб заманалдаса къиямасеб къоялда щвезиг1ан бук1инеб, жакъасеб къоялъги бугеб ва цебе унеб Г1усманияб наслуялъул кверщел гьаби х1исабалда босула.

Гьес гьелда релълъарал г1емерал пикраби абуна. Горгуд инсуца Огъузил кинабго ккват1аб масалаби т1убана. Досие щиб бокьани, бегьула:   Горгуд инсуда г1акълу ц1ехоч1огун щибниги жо гьабиларо. Дос щиб бицаниги къабул гьабула. Гьесул раг1и т1убазе х1аракат бахъула.

**4.** Г1усманиязул наслу х1исабалда босиялдаса баянлъула, гьеб цебераг1и Г1усманияб наслу къуватлъараб мехалъ хъвана. Амма гьениб Горгуд эмен Г1усманияб наслу бижаралдаса цебе - Мух1амад аварагасул заманалда кинха вихьизавула.

Дица «Огузнаме» т1ехьалда гьелдаса цебе бач1араб цо х1акъикъат бихьизабуна, гьес 9-абилеб г1асруялдаса цебе г1умру гьабич1о. Амма дие х1асилалдаса к1алъазег1ан цеве бокьун буго гьелдалъун дандеккунгут1иялде ругел рахъал рихьизаризе.

**5.** Цебераг1иялда буго Горгуд инсул насих1атиял каламал. Т1оцесеб гьединлъун буго: «Аллагьасул кумек гьеч1они х1алти лъугьунаро». Гьез (насих1атиял каламаз) дир рукописалда г1ала-шагарго бащидаб т1амач1 бак1 кколеб. Гьединлъидал, насих1атазул г1емерищинал «Огъузнаме»ялда ругел г1адин, лъабабилеб чиясул рахъасан т1убанго гьениб хисич1ого т1аде журана.

**6.** «Китаби-Дада Горгуд»ил аслияб байбихьи к1иабилеб т1амач1алъул т1оцересел мухъаздасан батизе бегьула. Горгуд инсуца бицана – балагьизе, хан, щиб бицунеб гьес. К1ал гьак1к1ан т1адесев къудратав Аллагь веццила ва ц.

**7.** Дада Горгудица Аллагьасе реццалдасан хадуб Мух1амадил ва Г1алил рецциялда байбихьана. Мух1амадазул (Бусурбабазул) кинабго т1ехьазда кидаго гьедин бук1ана. Амма парсазе хасал гьеч1ел автораз (сунниязул) жиндир халифа Г1али рак1алде ч1еч1аго Мух1амадил хизаналде ва гьесда цере ругазде дуг1а гьабуна. Гьелдаса гьединаб х1асил гьабизе бегьула, т1оцеве вач1арав, ялъуни бак1арав я ханафияв, ялъуни Османияв вук1инч1о. Горгуд эмен абуни дир «Огузнаме» т1ехьалда вихьизабулев г1адин, гьев парсазул диналда (шиг1итав) вук1аравлъи аби дурусаблъун бук1ана.

**8.** Гьеб рециялдаса хадуб 2-абилеб т1амач1алда ч1ужуг1аданазул г1амал-хасиятал лъалев цо Озанас бицана, хасаб бет1ер ва цо чанго баяналгун кьуна ва 3-абилеб т1амач1алда щвезег1ан халат бахъана.

**9.** Гьелдаса хадуб т1оцебе «Бугъаж хан», к1иабилеб «Салур Газанил рокъ кквей», ахирисеб к1ияб – 11-абилеб «Салур Газан туснахъалдаса хвасар гьави», 12-абилеб «Жанисев Огъузалде къват1исев Огъузил тушманлъи» бет1ергун 12 тарихияб хабар т1ат1алаго кьуна. Киналго гьел хабаразда Огъуз ханазул бах1арчилъи, ялъуни гьезул Ч1ег1ераб ралъадалъул Азиялъулаб раг1алалда кинабали греказде данде гьабурал

рагъал рихьизабула. Гьел материалал т1олабго Огуз тарихалъе г1оло источник х1исаб гьабизе бегьуларо. Гьениб къач1алаго рек1ехъе ч1олеб, ялъуни фантазиялъ бижизабурал хасаб хъизаналъул рак1алдещвеял руго.

**10.** Авторасул х1акъалъулъ т1оцебесеб иргаялда абизе ккола, кинабго т1ехьалда бат1и-бат1иял лъугьа-бахъиназул заманалъул х1акъалъулъ цо х1асилалда рач1иназе г1оло баянаб заман гьеч1о. Гьедин х1исаб гьабизе бегьула, киналго лъугьа-бахъинал Горгуд инсул заманалда кколеблъи. Гьес жинцаго кинабго хабар бицинаро. Гьев бат1и-бат1иял бак1азда г1акълу кьезе, лъик1аблъун бихьизабизе г1оло загьирлъулев, г1емерщинаб мехалъ лъугьи-бахъиналъул ахиралда Огъузазе лъик1ал дуг1аял гьабизе г1оло вихьула. Гьебги *Огъузнаме* абула. Гьел лъик1лъаби анкьго хабаралъул ахиралда такрарлъула, амма х1асил кьоларо гьелъ. Огузнаме гьениб Огъуз т1ехь, ялъуни Огуз тарихлъун таржума гьабизе бегьуларо. Г1аксалда, гьеб Огузазе хъвараб хъвай, ялъуни Огъузазул х1акъалъулъ хъвараб г1адин баянлъизабизе ккола. Кинаб хабар т1убараб бук1арабани, гьез Огуз тарих г1адин кьезе бегьула. Амма гьениб цо лъугьа-бахъин ккаралдасан хадуб, Горгуд инсуца гьеб лъабабилев чияс г1адин бицана, кидаго рецц ва лъик1ал дуг1аялгун

лъуг1ана. *Огъузнаме* каламалъул г1емер нухалъ такрарлъи кинабго т1ехьалъе гьеб ц1ар кьеялъул г1иллалъун батизе бегьула. Т1ехьалъул т1оцебесев авторасги мужалаталдаса хадусеб т1оцесеб т1амач1алда Китаби-Дада-Горгуд ц1ар кьеялъул г1иллалъунги Горгуд инсул кидаго лъик1ал дуг1аялгун загьирлъиги батизе бегьула. Дица цо чанго нухалъ рехсон х1ужжабазда ч1езабуна г1агараб Бакъбаккул рахъалъулал жидерго адабиял хабаразда киданиги дурусаллъун рук1инч1о. Гьеб кинабгоялдаса гьадинаб х1асил гьабизе т1амула, гьеб т1ехь лъабабилев щивали лъаларев чияс данде гьабураблъун. Гьедин бук1иналъул г1адада гьеч1олъиялъ бихьизабула рехсолел лъугьа-бахъинал т1убанго бат1и-бат1иял заманалда лъугьунеблъун.

Ч1ег1ераб ралъадалъул раг1алда бугеб греказдахун лъугьараб лъугьи-бахъиналгун жанисел Огъузазул къват1исел Огъузазде гьоркьоб ккараб тушманлъи бихьизабулеб лъугьа-бахъин цо чанго азарго соналъ цебе лъугьана. Гьениб Горгуд инсуца г1ахьаллъи гьабуларо. Гьеб дандеккунгут1иял т1адехун рехсолеб цебераг1иялда бихьула: гьениб Горгуд инсуца ахирисел Огъузал гуро, т1оцересел Огузал лъалеллъи бихьизабулеб буго, щайгурелъул Огъуз миллаталъулаз лъабазарго соналъ цебе г1умру гьабулеб бук1ана.

**11.** Гьеб кинабго дица т1ехьалда кьолеб микьабилеб хабаргун тасдикълъун буго.


بساط دپه‌كوزي اولدرديكي توي بيان ايدر

Гьениб гьедин хъвана: «Басатица Тапагоз ч1валеб хабар баянлъизабулеб буго». Тапагоз чорхол к1одолъиялдаги къуваталдаги балагьун г1емер к1удияв, нодоялда гьоркьоб цо бер бугав залим г1адин вихьизавуна. Х1арпалдахунги Тапагоз, ялъуни бер нодоялъул гьоркьоб бугев чиясул ц1ар, гьеб бералда балагьун босана. Гьеб греказухъ Циклоп абураб, гьебго рахъалъан Гомерил образалда релълъараб ва нижехъ цогидал Циклопаздса г1емерал хабар кьолеб рух1 буго.

**12.** Амма хехго нижеда лъана Огъуз Циклоп греказухъдаса гуро, греказ гьезухъса босулеблъи. Греказулаб ц1акъ нек1сияб заманалъулаблъун х1исабалда босани, гьелдалъун гьениб бицунеб куцалъ Огъузазул гьединго ц1ияблъун гьеч1иялъ Горгуд инсул заманалда г1умру гьабулев х1исаб гьабиларо. Щайгурелъул, гьеб хабаралда Горгуд эмен Тапагозида аск1ов г1иц1го Огъуззаздехун ккараб тушманлъи лъуг1изабиялъул х1акъалъулъ гара-ч1вари гьабизе вит1уларев, гьединго гьев гьенив Басатица Тапагоз

ч1варалдасан куч1дул ц1ализе, лъик1ал дуг1аял ах1изе вач1ана. Цогидаб рахъалдасан, хабаралда цебе Огъузазул церегосел умумузулги Огъуз ханасулги х1акъалъулъ бицунеб буго, гьединго цогидал Огъуз бекалги, хасго Циклоп ч1вараб хабаралъул багьадур Басатил эмен Аруз Гожал гьесул заманалда г1умру гьабулеблъун бихьизабуна. Гьаб цо ц1ияб х1ужжалъун ккола, Горгуд эмен гьеб нек1сияб заманалда рак1 гъезабизе г1оло вачун унев, Огъуз ва греказул Циклоп ургъун бахъараб бук1иналъ гьеб бигьаяблъун ккана. Амма гьеб к1иялъиго баян кьезе бажарулареб цоги нек1сияб тарих батизе бегьула.

**13.** Горгуд эмен абурав чияс г1умру гьабиялъде щаклъи гьабиялъул аслу гьеч1о. Т1адехун бихьизабулеб цебераг1иялдаги ва цогидал х1ужжабаздалъун ч1езабулеб ва Огузнамеялдаги бихьизабулеб куцалъги, гьес, жиндир умумаздаса х1акимлъи бахъарал, хадусел Огъузалгун цого заманалда г1умру гьабуна. Дун, гьев ц1акъ херавлъун вук1иналъ, жиндирго Огъузазе маслих1атаб нух бихьизабулев ва гьел реццулев чи вук1иналда ц1акъ божулев вуго. Гьеб гьесул ургъарал к1удияв эмен, дада, ялъуни эмен г1адин ц1аразги бихьизабула. Дун гьелдаги божулев вуго, гьесда умумуз тараб г1емераб жо лъана, жиндир заманалда

г1умру гьабулезе гьес гьеб щвезабуна, ялъуни бат1ияб куцалъ гьезие мираслъун тана. Нужедаги лъалеб жо буго, халкъалда гьоркоб Огъуз ханил заманалдасан х1алт1улел кицаби, абиял ва аслуял къаг1идаби Горгуд инсуца бак1арана ва Огъузнамеялда хъвана. Бакъбаккулазул заман хисиялда балагьич1они, Горгуд эмен к1иазарго соналъ цебе ккарал лъугьа-бахъиназул нуг1лъун, ялъуни доб заманалъ рук1арал г1адамалгун цого заманалда г1умру гьабулевлъун пикру гьаби бит1араб гьеч1о. Дун божулев вуго, гьеб т1ехь гьес абурал хабаразда балагьун лъабабилев чияс хъвана ва Горгуд инсуца гьелгун цадахъ цого заманалда г1умру гьабич1ониги, хераздагьоркьов г1олилазе маслих1атаб нух бихьизабулев, адаб-х1урмат гьабулев г1адин кьуна. Гьеб якъинлъизабула Горгуд эмен цо нухалъниги жиндир х1акъалъулъ к1алъач1олъиялъ, кидаго маслих1ат – г1акълу кьолев, дуг1аял гьарулев вук1иналъ. Т1ехьалъул аслияв автор ва данде гьабурав чи лъач1олъиялъ, гьес г1умру гьабулеб заманалъул х1акъалъулъ хабар лъач1олъиялъги нижеца гьеб т1ехьалъул нек1сияб заманалъул бук1иналъе щаклъи гьабизе кколаро. Гьелъие г1оло Г1усманиязул Империя г1уц1иялъул х1акъалъулъ къокъаб цебераг1иялда балагьани г1ела. Гьеб, татар-турк мац1алъул жуба-

ялъги, авторасул ч1амуч1аб махщел гьеч1еб стилалъги лъазабуна. Гьеб к1иябго (стилалъул ч1амуч1лъи ва махщел гьеч1еблъи) Г1усманиязул Империялдаса нек1сияб буго. Т1оцебесеб т1амч1ил нахъисеб рахъалда цо г1усманияс гьединаб ц1ар лъей, дица Огуз мац1алъул х1акъалъулъ пикру лъазабулеб мехалъ баянлъизила.

**14.** Гьениб бицунеб мац1 дица Огъузнамеялъул цебераг1иялда бихьизабураб татар-турк мац1 буго (*Азиялъул х1акъалъулъ рак1алдещвеял. I том, с.165-166*). Огузал ц1ерего Турк ва Татаразул цолъиялдаса данде гьабураб цо халкъ буго, щайгурелъул, Могулил васасул вас Огъуз ханица гьел жиндир бет1ергьанлъиялда цолъизаруна (*жеги доба. С.153*).

Огуз хваралдасан ц1акъ хадусеб заманалда, гьесул халкъалги г1емер хисана, гьезул цо чангояздаса ц1ияб халкъал г1уц1ана, цо чангоязги жиндир ц1ар хисана, гьеб ц1иял диалектал рижиялъе г1иллалъул ккана. Амма Огъуз наслу цебет1уна. Огуз ц1аргун жиндир мац1 ц1унулел ва наслабазе тарал халкъалги рук1ана. Гьениб Г1усманияб наслуялъул кьуч1 лъурав I Османил эмен Эртогрулил заманалда щвезег1ан бугеб заманалъул х1акъалъулъ бицунеб буго. Гьеб х1уж-

жабалъун ч1езабизе г1оло Бизансалъул тарихч1аг1аз хъваралда балагьун абизе ккола Огуз наслуялдаса вук1арав т1оцевесев пачах1 Дуз Алп вук1уневлъи. Гьесул Огъуз халкалъул х1аким вук1арав вас Огуз Алп (цогидаб куцалъ Сулейман абуна), греказдахун къеркьей гьабулаго къокъаб заманалда гучаб цо ханлъи г1уц1ана. Огъуз Алпил вас Эртогрулил заманалда Огъузаз Тавриялда (Крым) жаниб г1емер ракьал ккуна. Ахиралдаги гьесул вас Г1усманица жиндир ц1ар кьуна наслуялъе (*Штриттер Машгьурал рак1алдащвеял. IIIтом. с.531-531*). Дегуигнесил Бакъбаккулазухъа данде гьабурал хабаралги гьелдалъун данде ккола. Гьес х1ужжабалъун ч1езабуна Туркмен абурал Гузал Огъузалгун цо руго, гьездаса цо чанго колонна Европаялда ана ва гьел Узал г1адин лъана. Гьел Узал Узиа х1укуматалдаса рач1ана ва Кавказалдаса Бизансазул зулмуялда гъорлъ рук1ана (*Штриттер IIIтом. с.807*).

Туркменаз Селжукал Хорасаналдаса рахъизарун гьениб г1умру гьабуна. Гьелдаса хадуб бак1 хисиялъул 611-абилеб соналда (1214) т1адехун абурав I Г1усманил к1удияв эмен Сулейман Шагьил бет1ергьанлъиялда Гьит1инаб Азиялде жиндир т1оцебесеб аскарияб сапар гьабуна. Амма гьел монголаз нахъе ц1азаруна,

гьелги Азербижаналде рач1ана. 616 (1219) – абилеб соналъ довго Сулейман шагьица 5 азарго аскаргун ц1идасан Гьит1инаб Азиялде чабхъен гьабуна ва Фераталда хвана. Досул вас Эртогрулица Селжуказул улка Икониумда жиндир х1укумат гучлъизабуна. Дов 680, ялъуни 687-абилеб (1281-1287) соназда хвана ва гьесул вас I Г1усман варисавлъун вук1ана (*Дегуигнес, Гунназул ва Турказул тарих, 4 том, с.353*). Гьеб кинабгоялдаса баянлъула, х1акъикъаталда Ертогрулица Огуз мац1 Икониумаялда – Селжуказул улкаялда бач1унеблъи. Амма дир тарихчаг1ал рук1арал лъик1ал гьудулзабаз – Райис ва Рашид Апандица цо нухалъ бицун дун божизавуна Г1усман Монархия гучлъизабизе г1оло чабхъеназда байбихьарав мехалъ, гьесда аск1ов 2 азарго туркмен, ялъуни Огъуз вук1аравани. Гьелдаса гьадинаб цо х1асил гьабизе ккола, Огуз мац1 х1аким мац1 г1адин хут1изе бегьуларо, щайгурелъул, Селжуказул турк мац1 абураб мац1 Гьит1инаб Азиялда бет1ераблъун бук1ана, к1алъалездаги к1иябго (Турк ва Огуз) мац1 бигьаго бич1ч1унеб бук1ана, гьанжесел г1урус ва полякал цо-цаздахун к1алъалел г1адин. Палх1асил, Огъуз мац1алъ бицараб жо билун унеб гьелдаса хадуб Г1усманиязе г1оло турк мац1 г1адин хут1ула. Г1усманица жиндир ц1ар жиндирго ва жинде мут1и-

г1ал халкъазе тараб г1адин, церего Туркменистаналдаса рач1арал, Селжук абураб хъизаналъ ц1ар рехсолеб къавмалъул бутрул тала гьаризе г1оло жиндирго ц1ар къавмуялъе кьуна. Гьеб т1ехь Огъуз мац1алда бугеб батани, гьеб заманалъул шарт1аз бихьизабула гьеб I Г1усманил заманалдаса г1емер цебеккун хъвалеблъи.

**15.** Гьеб хабаралъул х1асилалдахун г1агардег1ан лъай-хъвай гьабизе бокьаразе, гьал къоязде щвезег1ан нек1сиял греказухъ балагьулеб фантастикияб Циклоп, Оксус улкаялъул доб рахъалда – Азиялъул Бакът1ерхьул рахъалда, Огъузазухъ бати к1иназего г1оло тамашаяб батизе бегьула.

**16.** Греказухъ нодоялда гьоркьоб бер бугеб Тапагозил лъабго бат1ияб тай-паялдаса бицунеб буго. Гьезие жиндир ц1ар нодоялда гьоркьеб бугеб цого к1удияб ва гургенаб updated beралда г1оло щвана. Полифемица 200 фут халалъиялде бугеб бищунго к1удияб гамиялъул х1убиялдасаги к1удияб кутан кодоб босизе бажарулеб г1адин, гьелги залимал вах1шиял г1адин рихьизарула. Гьел вах1шиял ва культура гьеч1ел г1адамал г1адин рихьизарула, гьелдасан босараб кинабниги къануназул, г1адатазул ва диналъул рахъ кколореб г1умру – Цикло-

пил г1умру абураб бицин кици-абиялда сверана. Гьел, киналго Циклопазе хасаб г1аммал г1аламатал руго.

**17.** Т1оцебесеб тайпаялда Аргос, Бронтес ва Стеропес абураб лъабгоял руго. Абухъего, гьел Солусица жиндир г1адан Йергун цадахъ рижана. Гьел Аллагьал рук1инч1о, амма Аллагьасда релълъараллъун лъугьана. Гьел эмен Солусица квер-бох рух1ун жужах1алда рехун рук1ана. Амма Юпитерица гьел Белеменит (пириялъул кьеп) къач1азе г1оло хвасар гьаруна. Гьел лагьаз маххул къебедал г1адин Вулканиги хъулухъ гьабуна ва Лупара абураб ч1инк1иллъиялда гьезул мастерская бук1ана. Гьез Белеменит гьабиялъ Аполлоца гьел чвана.

**18.** Гьел мифалъулал Циклопаздахун нижер кинабго гьоркьоблъи гьеч1о. Лъидани лъаларо гьелъул х1акъалъулъ щиб пикру гьабизе кколеблъи. Гьезул ц1ар рехсолеб греказул шаг1ираз, цинги Ромаялъул шаг1ираз жидее бокьараб куцалъ х1алт1изабуна гьезул ц1ар, гьебги гьезул асаразде ц1акъ рак гъолареблъун бихьула. Щаклъи гьеч1ого абизе ккола, гьезда гьоркьор т1оцересел греказги, ялъуни хадусел наслабазги Бакъбаккул улкабаздаса данде гьабурал х1акъикъиял биценалги рук1унеллъи. Амма гьел биценазул цо

чангоязул ц1ар хисана, цо чангоязда греказул мац1алда ругел раг1аби журана, цо чангоялги редактораз жедее бокьухъе къвариг1ун гьеч1ел жал журана, гьелдалъун гьел биценал лъаларел куцалда ккана. Гьединлъидал, биценалда сверулел лъугьа-бахъинал ва г1адамал цинги жиндир цебегосеб х1аладе рач1ин г1акъубалъун кколеб иш буго. Макробиус ва Цицероница хъвавухъего, залимал рук1арал ничгьеч1ел рик1к1ине ккола ва цинги Аллагьазе гьел жиндир бак1азда рач1ахъизе рокьулел г1адин асар гьабизе ккола.

**19.** Циклопазул к1иабилеб тайпа ц1акъ к1удиял ригь бан лъуг1изабулел устарзаби руго. Абухъего, Аргус улкаялда х1акъикъияб цо Праотосил Ликиялдаса ах1арав анкьго Циклопица бараб Тиринф шагьар бук1ана. Гьеб шагьаралъул сверухъ, къеялъул бищунго гьит1инаб, ганч1алги цо чанго гьакида рарал оцаз раччун бан батизе бегьула. Микене шагьаралъул къеялъул х1алт1иги гьез гьабураблъун бицунеб буго. Страбоница жаниб лъабго лабиринт бугеб Науплалъул аск1ор ругел нохъоялги Циклопазул х1алт1и х1исаб гьабуна. Гьеб рахъалъан цо г1ажаг1ибаб, тамашаяб х1алт1и бихьулеб мехалъ гьелда «Циклоп х1ай х1азе» абула. Гьединал г1адамазда аск1ор гьезул сурукълъиялдасаги, цо бугеб бералдасаги к1алъаларо.

Гьезул Циклопазда мифологияб бербалагьи, гьезие хасаб г1аммаб цо г1аламат бук1араб рук1ин буго.

*Roburque et vires et doli in operibus* - Г1адамасул ва х1иллаялъул къуват х1алт1иялда лъугьунеб буго.

**20.** Гьениб Бакът1ерхьул Иберия ва Бакъбаккул Каспи ралъадалда гьоркьоб г1умру гьабулел Албанал х1исабалда росизе ккола, щайгурелъул, гьез Циклоп г1умру гьабуларо, гьел рорхатал рук1ана. Циклопал г1адамазул гьан кваналел г1адин рихьизариялъ, скифазул севрияб бак1азда г1умру гьабулезул г1емерисезда, Циклоп ц1ар лъун бук1ана, гьелдалъун гьезда г1адан кваналелллъун г1айиб т1ад ч1езабуна.

**21.** К1иабилел тайпаялъул Циклопал г1аммаб цо пикру, хиялаллъун кколел ва х1акъикъиял рук1инч1о, жиндир х1алт1и гуро, ц1ар х1акъикъиял г1адамал ва наслабаз нижее г1оло тана. Гьеб Огузазухъ бугебгун релълъараблъун батизе ккола. Балагье, гьеб лъабабилеб Гомерил Полифем абураб Циклопалдаса бат1ияб бук1инч1о. Трипакриа, ялъуни Сицилия ч1инк1ил-лъиялда г1умру гьабулел цогидал Циклопалги т1адехун рихьизабулел к1иабилел тайпаялда хасал ратизе регьула, щайгурелъул, гьел я Гомерица, ялъуни редактораз сурукълъиялъе г1ологи рихьизаруларо.

Абизе ккола, кинал-нек1сиял хабарал Сицилия ч1инк1иллъиялда т1оцебе г1умру гьабулел Циклопал ругеллъи, г1ага-шагарго Пемгалдаса нусго соналъ хадуб Италялдаса гьанире рач1ин ва цинги Попикиразда гьел т1оцересел г1умру гьабулел г1адин рихьи цоцаздахун дандекколеб, щайгурелъул, гьез Лилибей заливалда ч1варкъигун бух1улеб Этна муг1рул сверухълъиялда г1умру гьабуна. Гьелъги ниж гьел маххул къебедлъун кколел пикруялда рач1ана. Палх1асил, гьел Циклопал тайпаялда балагьулеб мехалъ Вулканалъул маххул къебедал г1адин рихьизаризе бегьула. Гьезул куцалъул х1акъалъулъ лъалеб жо буго гьел залимал ругеллъи ва хобазда ратулел скелеталгун релълъиналъги щаклъиялда кколаро.

Гьелъ, к1иабилеб тайпаялъул Циклопал рат1а гьаризе рес кьола. Гьез г1умру гьабулеб Циклопул Скопули кьуруялъул ц1ар гьанже Фараглиони буго. Катаниялъул севернияб рахъалда аск1обег1ан Вал ди Демоненил бахъбаккул раг1алда гьединаб лъабго кьуру буго.

**22.** Балагьизе к1иябго Циклоп – Огузазулги ва Гомерлги, цо-цоялде кинал рахъазда данде кколеблъун ва кинал бак1азда Гомер сих1хъот1ун ч1олев, щай-

гурелъул, нижеца Полифемил х1акъалъулъ хабар Тапагозалдаса лъалеб буго.

**23** (1). Цо Огузазул векьарухъанас (*нек1сияб заманалда гьев г1емер х1урматияв чи х1исаб гьавуна*) цо къоялъ Пери ясал рак1араб иццухъ вач1ун, гьездаса цоялде х1ал гьабуна. Периялъ цо вас гьавуна, гьев ц1акъ залимав, бот1рода цо бер бугев вук1ана, гьелдалъунги гьесда Тапагоз ц1ар лъуна.

**24.** Гомерица Полифем Нептунил вас х1исаб гьавуна, вижараб куцалъул х1акъалъулъ хабар кьоларо. Цо-цояз гьев Нептун ва Нимфа Тоза, ялъуни Амфидаса, цогиязги Элатус Нимфе Штилбе, ялъуни Аминонедаса вижарав биццаниги, Элатусил ва Аргонавтазда хасав вук1ана, ва цо гамида рукъ бук1иниялъе г1оло гьев г1аданлъун вук1инизе ккола.

**25.** *Rissi diss.* 51-да гьедин х1исаб гьабуна, Циклопазул сверухълъиялда балагьун гьенисеб х1ал бихьиялъе ва аскараз т1ад к1анц1ун гьел тала гьаризе г1оло ц1о бер бук1ин аллегориялъун ккана. Гьеб идеялъул логика гьеч1о. Хас гьабун бит1араб буго, ялъуни мекъияб: к1иябго Циклоп (гьесул пикруялъ) цин бералдаса мах1румлъизаризе г1оло цо бералъ

рихьизарулел руго. Риссица гьелда т1аде бицунеб буго, г1емерал нуг1забазги тасдикъ гьабула цо бер бугел г1адамал рук1инеллъи. Гьеб бит1араб бук1ин гьеч1ин нижее х1ажатаб гьеч1о, щайгурелъул гьел нижееца рехсолел Циклопал гуро.

**26** (2). Вижун хадуб Пари эбелалъ жемарав куцалъ рехун тарав вас Тапагоз Огъуз беказда иццалъул аск1ов ватула ва Аруз Гожа абурав цояс гьев жиндир вас Басатгун цадахъ г1езавизе г1оло восана. Амма гьев хьихьулел руччабазул гьес кутакса керен хахиялъ гьел холел рук1ана. Гьев бат1ияб куцалъ кваназавизе ккана. Гьев к1удияв г1олаго цадахъ х1алел гьалмагьзабазул цоязул г1ин, цогидазул мег1ер кваназе байбихьана. Гьелдалъунги гьев рокъоса вачахъана.

**27.** Гомерил Полифемалда ва цогидаздаги гьезул г1умруялъул гьеб рахъалда пикру кьоларо.

**28** (3). Тапагоз Огъузаз вачахъаралдаса хадуб, эбел яч1ун гьесул килщида хвалченалъ ва ч1оралъ лъукъиялдаса ц1уназе г1оло баргъич рет1ана. Гьес Гара мег1ер – Швартсберг абураб борхатаб цо маг1арда тала гьабун г1умру гьабуна.

**29.** Лъукъиялъул х1акъалъулъ Полифемалда цого жо лъаларо Циклопгун гьелъул г1аммаб хасиятлъун кколо муг1рул т1охда г1адлу-низам гьеч1еб Циклоп г1умру гьаби.

**30.** Платоница г1адамал церего бураналдаса, ихалдаса х1инкъун муг1рул т1огьазде г1умру гьабулеблъун х1исаб гьабуна, гьелдалъунги Циклопаз муг1рузул тогьазда г1умру гьабуна. Амма гьеб бит1араб пикру гьеч1о: г1адамал хадур лъугьиналдасе ц1акъ лъик1 ц1унизе г1оло рахине к1оларел муг1рузда г1умру гьабиялъул г1илла гьезул вах1шияб бет1ербахъиялда балагьизе ккола.

**31.** Кванaзе г1оло Тапагозица г1адамал ва х1айванал хъамана. Огъузал гьеб ч1вазе г1оло анкьго нухалъ цолъана. Амма кидаго къуна. Ракьалдаса ц1атун бахъараб Греказул гамил х1убиялда релълъараб х1убигун к1икъоялда анц1го-лъабкъого чи ч1вана. Ч1ор, хвалчен гьелъие асар гьабич1ун бек-бекун ана.

**32.** Полифем гьединал т1аде канц1арал х1алалде ккеч1о. Г1аксалдахун, Тринакриа ч1инк1иллъиялда г1умру гьабулел г1адамазул гьудул г1адин вихьизавуна. Одиссейилги гьалмагъзабазулги гьединаб иш гьабизе таваккал г1еларо.

**33.** Огузазул Тапагозида гьединаб балагьи гьеч1о. Цебе гьес къойил лъабкъого г1адан т1алаб гьаруна, амма гьев Огъузаздахун 2 г1аданги 500 г1иги кьезе рекъана. Гьединго гьесие г1адамал ва г1иял режизе г1оло к1иго чиги кьези кколаан.

**34.** Гомерил Полифемица ч1инк1иллъиялда г1емераб г1и ва ц1ани хьихьулел рук1ана, гьес хасго рахь, х1ан, чед квана, чагъир гьекъана. Одиссей жиндир 12 гьалмагъзабигун Полифемил нохъоялда вач1араб мехалъ, гьев гьесул к1иго гьалмагъ режич1он ч1аго кваназе нияталда вук1ана.

**35.** Т1оцевесев васги Тапагози кьун, к1иабилев, ахирисевги вас кьезе ккарай херай г1аданалъухъ ирга щвезег1ан шарт1азда г1амал гьабуна. Гьей г1аданалъ цевего гъалбац1алъ квазаназавурав, цо заманалда Тапагозгун цадахъ г1олев Басатие зигари гьабуна. Эбел инсуца ва киналго Огъуз беказ гьеб бегьуларев ишалъул пикруялдаса вуссинавизе къасд гьабуниги, Басатица Огъузал гьеб балагьалдаса хвасар гьаризе ният гьабуна. Ч1орбут1 ва хвалченгун Тапагозица г1умру гьабулеб кьуруялде ана. Гьес ч1ор реч1ч1изабизе жигар бахъана, амма бажарич1о, Тапагозица гьев ккун,

къаси мехалъ вежун кваназе г1оло, нохъоялда вачун ана.

**36.** Одиссей гъалмагъзабигун кепалъе г1оло Тринакрия ч1инк1илъиялда – Полифемил нохъоялде гъев жанив гъеч1ев мехалъ ана. Цебего киналго Циклопалде квещав балагьи бук1инч1о. Одиссей ва Басатида гьоркьоб г1аммаб жо, гьел к1иялго нохъоялда г1умру гьабулеллъун ва к1иязго гьениса хварсарлъиялъул нухал ралагьи буго.

**37.** Басат т1ад к1анц1иялда хадуб, жив ц1унизе х1аракъат бахъулев вук1ана. Тапагозил хъулухъчаг1аз гьесда цох1о гьелъул берда асар гьабулеблъи бицана, гьелъги гьес гьелъул бадиб къазе г1оло хвалчен ц1аялда ккун баг1арзабуна, цинги гьеб кьижараб заман бищана. Тапагоз гьединаб цо куцалъ рурудана, гьесул гьаракъалъ муг1руз дандерижи кьуна.

**38.** Гьениб нижеда Одиссей ва Басаталда гьоркьоб дандекквей бугеблъи бихьула, гьесги нохъаялда вугев мехалъ зайтуналъул х1ус ц1адулъ бух1изабун, кьижулеб Полифемил бадиб къана ва Циклопил унтиялъ бахъараб гьаркьалъе кьурабазда дандерижи кьуна.

**39.** Тапагоз ва Полифемие к1иязего хасаб буго, гьел к1иялго берал рахъараб мехалъ, ц1акъ бер унтун руруди, цогидаб г1акъуба гьезда бихьич1о.

**40.** Полифемалда гьединаб суал лъун буго, щай Одиссейица гьев ч1вач1ого, бералдаса мах1рум гьавурав. Гомерихъ женехъ гьелъие жаваб бук1ана, ва Одиссей гьалмагъзаби нохъоялъул к1алт1а бугеб к1удияб гамач1 тункун, гьеб рагьизе къасд гьабуниги бажарич1о, амма Полифем ч1аго хут1изе кколаан. Тапогозил нуц1ихъ гьединаб к1удияб гамач1 бук1инч1о, Тапагозил цох1о берда асар гьабиялъ Басатица гьев ч1вазе г1оло гьелъул хвалченги къвариг1ун бук1ана.

**41.** Тапагозица, Басат вежун кваназе вокьиялъ, дав кодоса виччангут1ит1изе г1оло, х1ат1азул цояб нуц1аялъул цо рахъалда, даб цоябги цо рахъалда лъун, г1иял къват1ие риччазе байбихьана. Гьеб мехалъ гьелъ кинабго г1и бот1родаса ккуна, Басат къват1ие вахъулеблъи лъазе г1оло.

**42.** Полифемги нохъоялъул к1алт1а г1одов ч1вана, къват1ире рахъулел г1иязда хал ккун, Одиссей ва гьалмагъзаби къват1ире рахъулищ, балагьулев вук1ана.

**43.** Циклоп гуккизе г1оло Басатица цо г1и хъун бет1ергун рач1 бат1а гьабич1ун т1ом бахъун жив жанив жемун Тапагозалда цеве вач1ана, бет1ер гьесухъ бит1ун, гьесул х1ат1аздаса гьоркьосан вахъула.

**44.** Одиссей жиндир анлъго гьалмагъал къват1иве рахъизаризе г1оло лъабго г1и цоцазда бухьун гьоркьохъеб г1иялда г1одоса цояв г1иялда вухьана, женее г1ологи гьес цо къуватаб г1и бищана ва гьедин гьел къват1ире рахъана.

**45.** Цо-цоял х1икмалъун ратила гьел г1ияз кинха гьел рачулелллъун: цогияз гьедин х1исаб гьабуна, Сицилиялда цо чодул гьир бачулел г1иял ругеллъун. Дун божулев вуго, Басатица гьабураб иш анкьаз гьабурабгун данде кколаро. Гьебги Гомерица гьев вищиялъул г1иллалъун батизе бегьула.

**46.** Басат Тапагозидехун цо чанго нухалъ к1алъалев вук1ана, гьеб гара-чвариязда гьез цоцаздаса бергьизе жигар бахъана. Гьеб данде ккеч1олъиялъ, ахиралда гьес жиндир хвалчен Басатихъ кьуна, гьесги гьесул бет1ер къот1ана. Гьеб гьениб бихьизабулеб хабаралда мух1канго ц1ализе бегьула.

**47.** Гьениб Полифемгун дандекквей гьабизе бегьуларо, Одиссей досдаса ворч1ун хадуб, гьес г1иял жиндир гамиялда рачана ва гьеб бак1алдаса рик1адлъана. Гьес, гамида вугевлъун бихьизабизе, махсарада кколел раг1аби абуна Полифемие. Гьелдалъунги гьес к1удиял ганч1ал рехун гьев х1инкьизавуна. Одиссейица гьабураб гьеб иш г1акълугьеч1еблъи г1адин бихьизабуна.

Дие жеги т1аде жубан абизе бокьун буго, Тапагоз бецлъаралдаса хадуб бажарараб х1аракат бахъана, жиндир къуват бихьизабизе г1оло: гьес, нохъоялда Басат вукъизе пикруялъ, гьесда хазина бихьизабизе, х1илла гьабун гьев жанив лъугьинелъун бугеб къуваталъ батун воржизавуна. Полифемил бер ч1аго бугеб мехалъ, гьелъ Одиссейица ц1ар гьикъаралъул гьес мекъи бицана. Тапагозица гьебго суал бер бахъаралдаса хадуб кьуна, Басатицаги жиндир бит1араб ц1ар гьесда абун хъизамалъе гьес кьолеб заралал, г1акъубаялъул гьесда т1акъсир ч1езабуна.

**48.** Гьединал дандекквеялдаса бигьаго абизе бегьула, кинаб ц1ар лъуниги, Огъуз авторав ва Гомер цого залимасдаса к1алъалел руго, ялъуни к1иго хабаралъул цого тема буго, щайгурелъул гьединал божизе зах1матал лъугьа-бахъинал бат1и-бат1иял заман ва ба-

к1азде хасал рихьизаруниги, ццоцаздаса хабар гьеч1о-гун гьедин релълъараб куцалъ бицунаро. Гьай-гьай, гьеб релълъиналъул аслу баянал, дандкквей гьеч1еб фактаздахун рак1 ч1араб бук1ана. Амма дун разилъи-ч1ев гьединал сабабал руго, гьезги Огъуз Циклоп Гомерилдаса балагьун хъвараб пикру гьересияб бук1ин бихьизабула. Гьел г1одобехун рихьизарула.

**49.** Т1оцебе Бакъбаккуялъулазул киданиги Грека-зул мифиздахун лъай-хъвай бук1инч1о. Гьелдалъунги, гьез Гомерил асарал таржума гьабизе бегьуларо, гьел мифал гьезие г1ола баянал рук1инч1о. Азиялъул г1а-дамал гьеб пикруялда рук1инч1о. *Аклиан Тарихиял хабарал XII с.48* бихьизабуна индиязегун парсазе Го-мерил шиг1раби жидер мац1алда ц1ализе бокьу-леблъи. Амма гьев жив гьеб пикруялде дагь божун т1аде жубан хъвана гьес гьеб хабар кьолез бицаралъул аслу гьеч1еблъи. *Абдул Фараж Наслуялъул тарих с.40*-да цо Сириялъул таржумаялдаса к1алъана. Гьев *Абдул Фаражица с. 148.* хъвавухъе, гьеб Теофил Аст-рономусфон Эдесесаца Илиадалъул ахирисеб зама-налда таржума гьарурал к1иго т1ехьалдаса бат1ияб жо гуро. *Фабритиусица, Грек библиография асаралда 250* гьумералда абухъе, гьел гьит1инал бут1аязул х1акъа-

къулъ, Сириялъул т1ехьазул сиях1алда кинабниги цо хабаралда дандеч1вач1о. *Дио Крисостомус 53*-абилеб ораториялда легендалъул индиялъул мац1алда свери такрар гьабуна. Амма гьес гьеб инкар гьабун хъвана, г1емерисел брахманазда Гомерил ц1ар раг1ана, амма гьеб цо х1айван, я цо хер, ялъуни цогидаб жо бугеблъи лъач1о гьезда.

Лаббеца ц1ияб библиографиялда 257 гьумералда Ватикан библиотекаялъул рукописазда гьоркьоб, цояздаги лъалареб Гомерил ц1ар цо иранияс рехсолеб абуни гьес гьереси бугеблъи лъазе ккола. Гомер гьезда таржумаз лъач1они, Полифемил х1акъалъулъ хабараздахунги гьезул лъай-хъвай батизе бегьуларо.

**50.** Цогидаб рахъалъан бихьизабизе ккола, Огъуз Циклопил г1умру, гьавуралдасан хвезег1ан, г1ат1идго бихьизабуна. Гомерил Полифем хабаралда гьесул г1умруялъул цо кесек, цо бут1а бихьизабуна. Гьениб гьеб к1иго г1адамасул релълъараблъи тасдихъ гьабун г1емераб хабарал цере рахъана. Огъуз авторасул гьеб хабаралъул х1акъалъулъ Гомералдаса ц1ик1к1ун жо лъалеблъи бихьула. Гьеб легенда Огузазул бук1инч1они, нижеда лъаларев Огъуз авторасда гьеб кинабго нижехъе щвезабизе кинха бажарулеб? Гьеб, Горгуд

инсул заманалда щвезег1ан бук1инч1олъиялъ, к1алзул формаялда щвана ва нижеда лъаларев авторас гьеб Огузазул хабарал г1адин данде гьаруна.

**51.** Гьелдалъун дун божулевлъун вуго Гомерида гьеб Азиялда сверизе унев мехалъ раг1араблъун. Таржума гьабулездаса раг1араб куцалъги гьес жиндир Полифем образалда кьуна. Батизе бегьула, гьесда гьеб хабар Иконниялъун аск1об раг1ун, щайгурелъул, Огузазул гьениб бугеб цо къавм лъалареб цо царгун Приамил союзникал рук1ана ва Троя рагъулъ греказдахун рагъана.

Гьединлъидал Тапагоз маргьа Гьит1инаб Азиялда бач1унеб ва Гомерил заманалдаги ц1акъ рак1алда х1ут1улеб хабарлъун ккана. Амма, Гомерица гьелдаса жинца бокьухъе пайда босана. Т1убараб Циклоп маргьа Гомерихъ гуро, варварал халкъазда гьоркьоб т1обит1араблъи лъалеб жо буго ва гьеб греказде хасаб бук1ин аби бит1араб гьеч1о. Дица греказул цо чанго г1елмиял бербалагьиязда ва хабаразда балагьун х1ужжабаздахун ч1езабуна, гьеб г1агараб Бакьбаккулаздаса босулеблъун. Балагье *Кабус т1ехьалда с.441 Баян 2615 Баян 1 ва 8284 Баян Кралазул хъваял т1ехалда с.20 Баян 1.Азиялъул х1акъалъул рак1алдащвеял. 1*

*том, с.1,2.* Гьаниб нижеда нахъисеб Азиялда хурхараб цо маргьа, ялъуни легендаялда сверулеб хабар бихьула, Грекалги гьелдаса цо бухьин гьеч1он Циклоп абун к1алъалел руго. Гьезухъ Циклопазул 3 тайпа бук1аниги, Огъузаз г1адин т1убараб цо хабар г1уц1изе бажаруларо.

**52.** Гьединаб куцалъ балагьараб мехалъ дица пикру гьабуна Европаялда жеги раг1ич1еб, нек1сияб г1елмуялъе хасал лъугьа-бахъинал Азиялъул х1акъалъулъ рак1алдещвеял г1адин кьезе ккола. Т1аде рач1унел г1алимазул х1алт1и бигьа гьабизе г1оло дица аслияб тексталъул раг1иязул таржума данде гьабила. Цоязе Г1агараб Баккабаккул хъваязда гьезул мац1ги лъазабун Огъуз Циклопил х1акъалъулъ хабар ц1ех-рех гьабизе бокьани, Азиялъул ва Греказул Циклопазул х1акъалъулъ биценал кинал бак1азда данде кколеблъи бихьани лъик1 бегьула. Гьеб ц1ех-рех гьабулез нижер х1алт1уе къимат кьуни цебегосеб низам гьеч1елъиялъе баян кьей кват1аб бегьуларо. Гомерил копияби рахъулезул кодоса рахъулел оружиналаздаги г1емерал гъалатал рук1ана, нек1сиял т1ахьазда гьедин бук1ана. Дица гьеб лъалеб куцалъ басмаялда бахъана. Амма гьенибги маг1на бич1ч1уларел, яги лъаларел гъалат1ал руго. Гьадинал раг1абигун дица

къабул гьабураб бицунго лъик1аб вариант скобкаялда кьуна. Дир таржумаялда ругел гьит1инал гъалатал мац1 лъалел киназего бигьаса бич1ч1изе бегьула.

*Буссинабурай: Джамиля Кейсеровская*

# БАСАТИЦА ТАПАГОЗ

# Ч1ВАРАБ ХАБАР

Хан гьей!

Цо къоялъ Огуз г1одор ч1олел мехалъ т1ад тушман канц1ана. Киналго жиндир бак1 тун, лъутун ана. Гьедин лъутулел мехалъ Аруз Гожал вас вортана, цо г1албац1алда ватун гьев, г1езавуна.

Огуз жеги агълугун жиндир росиялде нахъе руссана.

Огуз ханасул чуязухъ балагьулев чияс хабар бач1ун абуна.

- Хан, дида данде гъалбацал рахъана, чуял нахъе ц1ана, гьезда гьоркьоб ц1ояб буго г1адан г1адин релълъанхъулеб, чуязул би гьекъана.

Арузица абуна:

- Хан, лъутулел мехалъ вортарав дир вас вуго балики?

Бегал чуязда рет1ана, г1албац1азул бак1алда ана. Г1албац1алъул г1одосан вас восана. Арузица вас рокъов вач1ана.

Роххел гъабуна, квана, гьекъолдана. Амма вас гьенив ч1инч1о, г1албац1азда аск1ове ана. Т1ад вуссунавула гьез. Горгут эмен вач1ун вук1ана, абуна:

- Дир вас! Мун г1адан вуго, х1айваназда гьор-кьов вук1инезе вегьуларо. Вач1а чу рет1ун, ба-х1арзаздахун ц1адахъ вук1а. Гьит1инав вацасул Кыян ц1ар дица лъуна, дурги Басат лъолеб дица! Цар дица лъуна, талих1 Аллагьас кьейги. Огуз цо къоялъ мег1ер-г1алахалда гочана. Арузил цо вехь вук1ана. Гьесул ц1ар Гонур Гожа Сары бук1ана. Гьев киназдасаго цеве гочана.

Халатаб ицц абураб цо ицц бук1ана. Гьеб иццалъулъ Париял рещт1ун рук1ана. Г1иял нахъе ц1ана. Вехь г1едег1ич1его цевее ана. Гьесда бихьана, Пари ясал цоцазде рухьун роржизе х1адурана. Вехьица жиндил гурде, гьезда т1ад бехана, Пари ясазул цояй ккуна, гьелда т1аде виччана (х1ал гьабуна).

Г1иял рихxана. Вехь гьезда данде вахъана. Пари яс йоржуней мехалъ абуна:

- Вехь, цо сон г1ураб мехалъ дихъ духъе кьези ккараб цо аманат безила, вач1а, босе – Амма Огузихъ балагь бач1ана дуца!

Вехьасул гьинкъиялъги, ясалъул дардалъги гьурмадул кьер т1уна. Огуз жеги цо нухалъ мег1ер-г1алахалда гочана. Вехь жеги иццалъухъ вач1ана. Г1иял жеги х1инкъун нахъе ц1ана. Вехь цеве вахъулев мехалъ бихьана г1одоб цо гургинаб жо бехун бугеблъи.

Пари яч1ана ва абуна:

- Вехь, гьеб босе, амма дуца Огузазухъ балагь бач1ана. Вехь гьеб бихьун виххун хут1ана, хадуб гьеб жоялде цо гамач1 рехана, г1амач1 щвараб-г1ан гьеб к1одолъана ва вехь х1инкъун лъутана.

Гьеб къоялъ Баяндыр хан бекалгун цадахъ сверизе вахъана. Гьеб иццалъухъ рач1ана. Гьезда бихьана гьениб бегараб цо жо бугеблъи бет1ер бох лъалареб. Сверухъ рак1арана гьел. Цо бара-х1арчи чодаса решт1ун гьелда мал бана. Бараг1ан к1одолъана гьеб. Аруз херав чодаса решт1ун мал бана, гьеб мехалъ гьеб гургинаб жо гьоркьоса

бикьана, гьоркьосан цо вас вахъана. Черх г1ада-насул, бот1рода гьоркьоб бер бук1ана. Арузица гьев жемун кодов восана.

Абуна:

- Хан, гьев дие кье. Дир вас Басатгун цадахъ г1езавила дица гьев.

Баяндыр ханас:

- Бичанте дур вук1ине.

Арузица Тапагоз восун цадахъ, ракъовое вачана. Цо лъимал хъихулев г1адан яч1ана, гьес гьелъул керен хахана, т1оцебе рахь, хадубги би хахулеб бук1иналъ гьей хвана. Цо чанго г1адан яч1аниги гьелги холел рук1ана. Гьединлъидал гьез рахь кьези пикру гьабуна. Къойил цо хьаг рахь г1еч1о гьесие.

К1одолъана, вилълъанхъизе байбихьулеб ме-халъ лъималаздахун х1алев вук1ана, амма цоясул г1ин, цоясул мег1ер кваназе байбихьана. Киназул гьелъ рах1ат хвана. Рес къотун Арузие загари гьабун г1одана гьел.

Арузица Тапагоз вакана, семена гьесда. Гьез-дахун х1азе изну кьоларо. Хадубги рокъоса

виччахана. Тапагозил Пари эбел яч1ун васасул килщида баргъич рет1ун:

- Дир вас! Дуда ч1ор реч1унгеги! Мун хвалченалъ къот1угеги! – абуна.

Тапагоз Огузазул роснуса унев вук1ана. Цо рорхатаб маг1арде г1умру гьабизе байбихьана. Г1адамазул нух къотун талавурчилъи гьабуна. Гьесда т1аде цо чанго г1адан вит1ана. Ч1ор бит1раб реч1ич1о, хвелчаналъи къот1ич1о. Вехь цогидал киналго кваналел гьес, Огузалъул г1адамалги кваназе байбихьана гьев.

Огузалъул агьлу гьесда т1аде к1анц1ана. Тапагоз гьел рихьун ц1идахлъана, кьоблонсо цо гъвет1 бахъун, гьезда т1аде биччаралъул к1икъоялда анц1го лъеберго чи хвана. Алпазул бет1ер Газан квешаб х1алалда ккезавуна. Газанил вац Кара Гуне Тапагозил кодов хвана. Дузанил вас Алп Рустам шагьидлъана, Умун Гожал вас бах1арчи гьесул кодов шагьидлъана. К1иго вацги Тапагозил кодол хвана. Маххул рет1ел бугав Мамакги гьесул кодов хвана. Михъал бидулал Бугдуз Еменги хвана. Херав Арзуе зулму гьабуна. Гьесул вас

Кыян Селжукил ц1ц1им бихъана. Огузица Тапагоз хьехьоч1о, рорч1изе жигар бахъана.

Тапагозица гьезул нух къот1ана. Огузица анкьго нухалъ рорч1изе жигар бахъана. Анкьго нухалъги Тапагозица ч1езаруна гьел. Огузие Тапагозица зулму гьабуна цояс Горгут инсухъ хабар къуна, гьесдахун к1алъана.

Горгут эмен Тапагозихъ вит1ана. Вач1ун салам кьуна гьес, абуна: Дир вас Тапагоз, Огуз дуца квешенаб х1алалде ккезаруна, гьез духъ дун вит1ана, х1акъ кьези абуна гьез. Тапагозица абуна: Къойил лъеберго г1адан кье дие кваназе. Горгут инсуца абуна: Гьеб куцалъ щивниги чи хут1уларо, амма к1иго г1аданги, щунусго г1иги кьези дуй. Горгуд инсуца гьедин абуни Тапагозица абуна: «Гьедин батани, дие квен гьабизеги к1иго чи кье. Горгут эмен Огузалъухь вач1ана. Абуна: Юнлу Гожа ва Ярагылы Гожа кье Тапагозие квен гьабизе, гьес къойил к1и г1адан ва щунусго г1и гьарана. Гьелги разилъана.

Ункъго вас вугес цояв кьеялъ, лъабго хут1ана. Лъабго вас вугас цояв кьеялъ, к1иго хут1ана Канак Кан бицун цо чи вук1ана. К1иго вас вук1ана

гьесул. Цо вас кьун, цояв хут1ана гьесул. Ирга жеги гьесухъ щун бук1ана.

Эбел г1одун зигардун хут1ана. Хан, доб мехалъ Арузил вас Басат вач1ана. Херай г1аданалъ абуна: Басат гьанже вач1унев, балики гьес дие цо асир кьола, дир вас хвасар гьавила.

Басат раг1дукь г1одов ч1олев мехалъ цо ч1ужуг1адан яч1ана. Гьелъ Басатие салам кьун абуна:

Къватанида гьинч1ев Карагалы вас

К1удияб ц1еялъул гучалдаса г1ебаб ч1ор бугав

Жанисеб къват1исеб Огузалда ц1ар раг1арав

Аруз хан Басат, дие кумек!

Басатица гьекъана: «Щиб бокьулеб дуе?

Херай г1аданалъ абуна: Аб гьересияб дунялалда цо бах1арчи ваккана, боц1и кванazaбизе Огузалъе рос кьеларо: ч1ег1ераб чараналъул хвалчабаз гьан къот1ич1о, хеч, болч1ор рехулезги реч1изабич1о, рехарал ч1ориз асар гьабич1о. Алпазул бет1ер Газан квешаб х1аллалда ккезавуна, вац кара Гуне гьес ч1вана, михъал бидулав

Бугдуз эменги ч1вана, херав дур эмен Арузие зулму гъабуна, майданалда дур вац Кыян Селжук ццин бихъун хвана, къуват бугел Огузалъул бекал цо-цо хвана, цо-цоял лъукъана, анкьго нухалъ Огуз жиндир бак1алдаса ричахана, х1акъ гъарана, къойил к1иго г1аданги, щунусго г1иги. Юнлу Гожа ва Ярагылы Гожа дасие хъулухъ гъабизе кьуна, ункъго вас вугас цояв кьуна, лъабго вугас цояв кьуна, к1иго вугас цояв кьуна, к1иго вас вук1ана дир, цояв кьуна, цояв х1утана, ирга жеги дихъ щвана, гьевги гъарула, щиб гъабизе бицун духъ яч1иней йиго. Басатил ч1ег1ерал берал маг1ил ц1уна. Вацасе г1ола абуна, балагье щиб абулевлъун. Абуна:

Рик1к1ад рарал рукъзалал
Гьев залимас рихххизаруна вац
Херав эмен дир вас бицун г1одизавуна вац
Хъах1аб гьурмилай эбел зигардизаюна вац.
Цебеса ч1олеб ч1ег1ер мег1ерг1анав вац
Чвахулеб берцинаб лъудул ч1вахи вац
Гучаб дир мугъалъул къуват вац.
Бецлъарал беразул канлъи вац

Вацасадаса ват1алъана – абун г1одана, зигардана. Дай ч1ужуг1аданалъе гьев васасул бок1алде цо асирав кьуна. Арузиги вас вач1унев абун хабар кьуна. Аруз воххана, къудратал Огуз бекалгун Басатида данде вахъана. Басатица инсул кверда убач гьабуна, г1одона гьел. Эбелалъул рокъове рач1ана. Эбел данде яхъана, васда къвал бана. Басатица эбелалъулги кверда убач гьабуна, г1одана гьел. Огуз бекал данделъана. Кванана, гьекъолдана гьел.

Басатица абуна: Бекал, вацасе г1оло Тапагозидахун вагъизила дун, данделъизила дун, щиб пикру буго нужор? Газан бекиц гьедин абуна:

Ч1ег1ер аздагьолъун ккана Тапагоз
Зодобе сверана дица, амма бергьинч1о Басат
Ч1ег1ераб гьапланлъун ккана Тапагоз
Ч1ег1ерал муг1рузухъ сверана, бергьинч1о
Басат
ЦЦидахараб гьалбацлъун ккана Тапагоз
Бицатал сазазда сверана, бергьинч1о Басат
Бихьинч1и вук1аниги, бек вук1аниги

Дун Газан г1адин вук1инизе кколаро Басат.

Басатица абуна дун щвезила гьесухъ. Газаница абуна: Дуда лъалеб жо. Эмен г1одана. Абуна: Дир вас, нижер рукъ бет1ергьан гьеч1он билъагуй, унге. Басатица абуна: Гуро, дир херав эмен, унизе ккола дун. Ч1ор бугеб бак1алдаса цо чанго ч1ор гьежалда бах1ана. Эбел инсул кверда убач гьабуна, къо-мех лъик1 гьабуна.

Тапагоз вук1араб Саллахана кьуруялда вач1ана. Тапагоз бакъуде данде къижана. Хьоблохъса цо ч1ор бахъана Тапагозил мугъалда бана. Ч1ор реч1ич1о, бек-бекун ана. Цоги бит1ри. Гьебги бек-бекун ана. Тапагозица херазда абуна: Гьеб бак1алъул ккараяз бизарлъизавуна. Басатица жеги бит1ана. Дабги бек-бекана.Цо кесекги Тапагозица цебесе бортана Тапагоз т1аде вахъун балагьана. Басат вихьана, бак1алдаса нуц1а рагьана, хъат-хъват1ида кьабун, велъанхъана, херазда абуна:

- Огузазухъса нижехго цо г1и бач1уна.

Басат векерун кколев гьес, щокъроса ккун рукъалда вач1ана, цо бок1он вухъ-вухъун лъуна.

Абуна:

- Херал! Къади квен гьев х1адури дие гьевжеги кьижана.

Басатил хвалчен бук1ана, вухьаразухъза вахъана.

Абуна:

- Херал! Гьесул хвел сундаса буго?

Жаваб кьуна гьез:

- Лъаларо. Амма beралда гуреб кибниги гьан гьеч1о гьесул.

Басатица: гьеб хеч баг1арзибой-абуна.

Хеч ц1аялдаккуна, баг1арна. Басатица кодоб босана. Мух1амад аварагасде салават бач1ана. Хеч Тапагозил бадиб гьедин къана, Тапагозил бер бахъана. Гьединаб цо гьаракь бахъана гьелъ, зобракь кколареб. Басат нохъаялда, г1иязда жанив лъутана. Тапагозица лъана гьев нохъоялда вугевлъи. Нохъоялъун нуца рагьун х1атазул цояб цо рахъалда, даб цоябги цогияб рахъалда лъуна, абуна:

- Г1иял, цо-цо рахъе.

Г1иял цо-цо рахъулел мехалъ гьезул бот1рода квер бачана.

- Дир бечелъи, дир г1иял рахъе. – абуна.

Цо г1и бохъана, гьединго ч1ана. Басатица гьеб хъвана, къехь бахъана, амма бет1ергун, рач1 ба т1а гьабич1о, къехьалда жанив лъугьун Тапагозида цевеца вач1ана.

Тапагозида бич1ч1ана Басат къехьалда жанив вугевлъи. Абуна:

- Ай г1и. Дуда дида щиб бак1алдаса реч1ч1иze кколеблъи лъана. Гьанже мунги нохъоялъул къеялда къабила, дур рач1алъ нохъо бииндизи г1оло.

Басатица куйдул бет1ер Тапагозил кодоб къуна. Тапагозица куйдул лълъараздаса ккуна, эхеде ц1алеб мехалъ лълъаргун къехь кодоб хут1ана. Басат Тапагозил х1атазда гьоркьосан вахъана. Тапагозица лълъар г1одобе бехана.

Абуна:

- Вас мун ворч1анищ?

Басатица абуна:

- Аллагьас ц1унана.

Тапагозица абуна:

- Ле вас! Ма аб дир килщида бугеб баргъич ре-т1е, дуца ч1ор реч1ингеги, хвалченалъ асар гъабу-геги.

Тапагозица абуна:

-Вас баргъич ретунищ?

Басатица абуна:

- Рет1ана.

Тапагоз хвалченгун Басатица т1ад канц1ана. Басат нахъе ц1ана. Гъесда бихьана баргъич1 гъесул х1ат1азда г1одоб бугеблъун.

Тапагозица абуна:

- Ворч1анищ?

Басатица абуна:

-Аллагъас ц1унана.

Тапагозица абуна:

- Вас! Гьел хъубаял рихъулищ дуда?

Абуна:

- Рихъула.

Тапагозица абуна:

- Дир хазина буго гьениб. Гьел хераз босич1ун дуца босе.

Басат хъубаялда жанив лъугьана, бихьана гьениб г1емераб месед-г1арац бугеблъи. Гьесда к1очон т1ана кинабго жо. Тапагоз хъубаялъул нуца рагьун абуна:

- Хъубаялда лъугьанищ?

Басатица абуна:

- Лъугьана.

- Гьединса цо кьабизе мун къадаве – абуна.

Басатица гьедин абуна:

- Лаилагьа иллалагь, Мух1аммадин расулиллагь!

Гьеб заманалъ хъуба гьоркьоса бикьун анкьго нуц1а рагьана. Гьев цоялдасан къвот1иве вахъана. Тапагозица квер бит1ана жаниб, хъуба биххана.

Тапагозица абуна:

- Вас мун ворч1анищ?

- Аллагьас ц1унана – абуна Басатица.

Тапагозица абуна:

- Дуй хвел гьеч1о. Доб нохъо бихьулищ дуда?

Басатица абуна:

- Бихьула.

Абуна:

- Гьениб к1иго хвалчен буго. Цояб лъел бугеб, цояб гьеч1еб. Гьеб лъел гьеч1елъ къот1ула дир бет1ер. Босе, дирги бет1ер къот1е.

Басат нохъоялъул нуцаялъухъ щвана. Бихьана гьел лъел гьеч1еб хвалчен бехе эхеди басандулеб.

Басатица:

- Гьелда цо тадбир ургъизе ккола дица – абун, жиндир хвалчен хъат1изабуна, хвалчен бек-бекана цо х1ос бит1ана, гьеб бек-бекана. Ч1орбут1 кодоб босун, ч1оралъ хвачен бах1араб рахас т1езабуна. Хвалчен г1одоб бортана. жиндир хвалчен лъалиниб лъуна, г1оркьидасан цогидаб хвачен ккун вач1ана.

Абуна:

- Тапагоз! Кин вугев?

Тапагозица абуна:

- Ле вас! Мун жеги хвеч1ищ?

Басатица абуна:

- Аллагьас ц1унана.

Тапагозица абуна:

- Дуй хвел гьеч1о.

Тапагозица жеги абуна:

- Бер, бер, цо бугаб бер

Гьаб цо бугаб бергун Огуз биххана дица.

Дун сурмаяб бер гьеч1он хут1изавуна, дуца бах1арчи,

Т1адвугас дур бер бахъиге.

Тапагозица жеги абуна:

- Дур ват1ан, гьавураб бак1, бах1арчи мун кисав?

Бецлъараб мехалъ нух къосани божи сунда буго дур? (мугъч1вай).

Нужор байрахъ кколев ханги щив кколев?

Бет1ер щив нужор?

Рагъда цеве унев хан щив нужор?Херав инсул ц1ар щиб?

Бихьинчиясдаса ц1ар гьикье г1айиб гуро,

Дур ц1ар щиб, бице дида!

Басатица Тапагозида абуна:

- Дир ват1ан дир бак1 югалда буго.

Бецлъараб мехалъ нух къосани божи Аллагьасда буго.

Нижер байрахъ кколев хан Баяндыр хан вуго.

Рагъ ккараб мехалъ цеве унев бет1ер Салурил вас Газан

Эбеллъул ц1ар гьикъани Габа Агач

Инсул ц1ар Аруз, дирги Басат буго.

Тапагозица абуна:

- Ниж вацлъун кколел, чваге дун.

Басатица абуна:

Дир херав эмен г1одизавуна дуца

Хъах1ал рас бугай эбелги г1одизаюна.

Дир вац Кыян чвана дуца.

Хъах1аб гьурамалъул нус къоролъун хут1изаюна.

Сурмиял берал ругел лъимал бесдаллъизаруна.

Ч1вач1ун чараналъул хвалчен бекич1они
Дур к1удияб бекьер къот1ич1они
Дур къабих1аб би ч1обоч1они
Вац Кыянил рец1ел босинч1они
Теларо.

Тапагозица абуна:

Гьаниса вохъизе вокьула
Къудратал Огуз беказда пашманлъана
абизе
Т1ок1аб г1адамасул хьан кваназиларо.
Къудратал Огуз бекал дихъ рач1ани
Лъутун Саллахана кьуруялда унила.
Гьениса к1удияб гамач1 бехун
Гьеб гамач1ги дида т1ад бортун хвайги дун.
Сурмияб бералдаса бат1а гьавуна, бах1арчи
дуца дун
Дурги рух1 бахъеги т1адег1ан вугас.

Тапагозица жеги абуна:
Хъах1аб мегеж бугал херал г1емер
г1одизаруна
Херазул бадибч1вай бихьана дуда, дир бер
Хъах1аб бет1ер бугал х1ерал г1одизаруна
Гьезул наг1ана г1ела дуй, дир бер
Бил лъурал ясал г1емер квана дица
Наг1ана кьуна гьезги дуда дир бер

Дир г1адин берзул унти, щивасда
бихьугеги.
Бер, бер, бер
Цо бугаб бер.

Басат ццидахун вохъун вач1ана цеве. Бихьинаб варани г1адин Тапагоз наказда ккезавуна. Тапагозил бет1ер жиндир хвачен кьабун къот1ана, гьев вахъахъун нохъоялъул нуц1ихъ вач1ана.

Юнлу Гожа ва Яраглы Гожа Огузалъухъ рит1ана. Хъах1аб, ц1ах1илаб чуязда рет1ун ана гьел, Огуз росну хабар бач1ун. Херав Арузил рокъов чолилав вач1ана, инсухъе Басатил рохилаб хабар кьуна.

- Дур васас Тапагоз ч1вана.

Огуз бекал ана. Саллахана кьуруялда щвана. Тапагозил бет1ер гьоркьоб лъуна.

Горгуд эмен вач1ун роххел гьабуна, бах1арзаз ккараб лъугьа-бахъин абуна, гьез Басатие дуг1а гьабуна.

Ч1ег1ер мег1ер ах1араб мехалъ дуе жаваб кьеге Бидулал лъиназ дуй нух кьеги.

Бихьинч1ияс г1адин вацасул рец1ел босана, къудратал Огуз бекал ккараб х1алалдаса хвасар гьаруна, Аллагь дуе кумеклъиги, Басат - абуна. Хвел щвараб мехалъ иман бахъухеги. Нужор мунагьаздаса ц1ар берцинав Мух1амад авараг т1аса лъугьаги. Хан, гьей.

## «Китаби-Дада-Горгуд» эпосалъул х1акъалъулъ баянал

Азарбайжан, Азия ва Европа материкал цолъизарурал К1удияб Чиллай нухалда т1ад, Каспи ралъадалъул раг1алда буго. ЮНЕСКО-ялъ дунялалъул культурияб ирс г1адин ц1унарал памятникалгун бечедал толерантлъиялъул традициял ва мульткультуризмалъул дунялалде мисаллъун кколеб Азарбайжан жиндир маданият, мац1 г1адатал ц1унулеб анц1-анц1го халкъ, этникияб ва динияб къадар дагьал халкъалгун гьудуллъиялда г1умру гьабула.

Нек1о заманалдасан гьеб бак1алда г1умру гьабулел бат1и-бат1иял халкъазул цоцаздахун бухьен гьабулеб Азарбайжан-турк рижарал эпосазул, маргьабазул,цогидал фольклорияб мисалазул къадар дагьаб гьеч1о. Гьез жиндир заманалъул моралияб къимат ц1унулеб буго.

Гьединаб материалияб гуреб маданияталъул памяниказдаса цояб «Китаби-Дада-Горгуд» эпос буго. Гьеб эпос г1елмуялда т1оцебе немец востоковед Гьайнрих Фридрих фон Дицица 1815 соналда лъазабуна. Фон Дицица эпосалъул цо хабар немец мац1алда таржама гьабун, жиндир цебераг1игун цадахъ, Берлиналда басмаялда бахъана.

2000-абилеб соналъ «Китаби-Дада-Горгуд» эпосалъул 1300 сон т1убай Азарбайжаналда ЮНЕСКО-ялъул даражаялда гьабуна. Гьелъул х1акъалъулъ Азарбайжан халкъалъул Т1олголмиллаталъул цевехъан Х1айдар Г1алиевас гьедин абуна: «Азарбайжан халкъалъул тарихалъул, этникияб рак1алдещвеялъул архаикияб мат1у кколеб «Китаби-Дада-Горгуд», нижер халкъалъул, мац1алъул, моралалъул, рух1алъул кеч1 г1адин, к1удияб культурияб-эстетикияб к1вар буго.

«Китаби-Дада-Горгуд» эпосалъул 12 хабар ва цо цебераг1и буго. Хабаразда Огъуз бах1арзазул бихьинчилъи бихьизабула. Эпос бицунев Дада Горгуд Азарбайжан халкъалъул тарих лъалев, халатаб г1умру гьабулев г1акъилав озан, Азарбайжаниязул Гомер вуго. Эпосалъул кинабго хабараз Азарбайжан халкъалъул мифологияб бербалагьи, тарих, г1адатал, къеркьей, маг1ишат, мац1, дин, культура бечедаб адабияб куцалъ бихьизабула.

«Китаби-Дада-Горгуд» эпосалъул х1акъалъулъ ахирисеб 200 соналда немец, итальян, г1урус, турк, галанд, анличан, француз г1алимаз дунялъул рищунго машгьурал туркологазул г1елмиял ц1ех-рехал гьарун, эпосалъул бат1ибат1иял хабарал ва бах1арзазул нек1сиял грек ва рома мифологиялда ругел образулгун данде ккезаруна, фон Дицица цо чанго бак1алда «Китаби-Дада-Горгуд» гьездаса г1емер нек1сияб заманалъе хасаб памятник бугеблъи хъвана. Гьеб памятник филологиялъул рахъалъан бат1бат1иял халкъазул эпосалгун цолъиялъ, гьеб гьанже г1ел-

муялъул бут1абазда т1ад х1алт1улел специалистаз, масала, германистаз, славянистаз ц1ех-рех гьабуна.

Азарбайжан халкъалъ г1уц1араб «Китаби-Дада-Горгуд» эпос жиндир гуманизм, колорит, дунялалъул рекъелгун жаниб г1умру гьабизе ах1игун цох1о Азарбайжаналъул, турк дунялалъул гуро, ц1ерг1ан дунялалъул хазина буго

*Сарраф Балахан*

## Фридрих фон Дицил х1акъалъулъ баян
## (1751-1817)

Машгьурав немец дипломат ва востоковед Гьайнрих Фридрих фон Диц 1751-абилеб соналда Германиялъул (Пруссия) Бернбург шагьаралда базарганасул хъизаналда гьавуна.1769-абилеб соналда юридическияб лъай босизе г1оло Гьалле Университеталда лъугьана, академик лъайги лъуг1изабун хадуб 11 сон Магдебургалда х1укуматалъул хъулухъалда х1алт1ана ва хасаб цо пагьмуялъул чи вук1иналъ референтлъи хъулухъалдаса концеляриялъул бет1ерлъиялда щвезиг1ан х1алт1ана.

Гьесул К1удияв Крал Фридрихица Турциялъул посоласул советниклъун таралъул 16 май 1784-сонал тарих туркология ва Горгуд лъазавиялъул т1аде бач1унеб къисматалъул рахъалъан к1вар буго къо ккола. Востоковедениялъул лъай гьеч1ев фон Диц турк мац1 бет1ералда бук1унаго, Бакъбаккул мац1ал Стамбулалда посольствоялда х1алт1улев мехалъ лъазабуна. Гьев, 1786 соналъ Крал 11 Фридрих Вилхелмица вихьизавун Пруссиялъул Турциялда вакиллъун тарав министр, ихтияр бугев к1удияв илчилъун тана.

Турказде бугеб к1удияб рокьи ва хасаб цо пагьмуялъул х1асилалда Стамбулалда 6 сон г1умру балеб мехалъ г1емер къанаг1атал ругел рукописал рак1арана.Дицица абухъе ва энкслопедиял баяназухъе гьесул библиотекаялда 17 г1азарго т1ехь, 856 рукопись бук1ана, гьездаса 407-абилеб Бакъбаккул руго. Гьев,хваралдасан кинабго библиотека Берлин Крал Библиотекаялда сайгъат гьаби абун васигат гьабуна.

1790-абилеб соналда, посоль хъулухъги лъуг1изабун улкаялде нахъе вуссунев Диц, турк, г1араб ва парс мац1азда данде гьарулал къанаг1атал рукописал ц1ех-рех гьабизе байбихьана. Гьес, 1811-абилеб соналда «Габусname» 1811-1815-абилеб соназда «Азиялъул памятниказул рукописазул т1аса рищарал» Бакъбаккул рукописал басмаялда рахъана. Данде гьарулал асаразда жанир фон Дицил таржамагун Шейих Мах1амад Лалезарил «Мизани-згьар» рисалат, Бузри Джимгьирил «Музафарнаме», Катиби Румил «Мират-ул Мамалик» сапаралъул хъвай-хъваг1аял, «Огъуз т1ехь» кицабазул Огузнаме ва «Китаби-Дада-Горгуд»ил «Басатица Тапагоз ч1вараб» хабар г1адинал асарал руго. Гьеб х1алт1и Дицица гьабиялъ машгьурав г1акъил ва шаг1ир Гёте ц1акъ рази хут1ана. Иоаганн Вольфганг фон Гёте жиндир «Бакъбаккул-Бакът1ерлъул диван»алъул «Баянал ва пикраби» бут1аялда машгьурав востоковедасе жиндир творчествоялде асар гьабиялъун жиндир х1урмат ва рокьи лъазабуна. Хадуб 1816-абилеб соналда Дицица Гётехъ «Молла Насрудин» хабарал таржама гьарун рит1ана.

Гьес Пруссиялъул бищунго машгьурал г1алимзабаздаса кколел Фридрих Август Вольф, Александр фон Гимболт, Шлегел ва Гримм вацаз г1адин немцазул г1елмуялъе жиндир сайгъат кьуна ва немец компаративистикаялъул кьуч1 лъураздаса цоявлъун ккола.1814-абилел соназдасан Дицил творчествоялда «Китаби-Дада-Горгуд» заман байбихьана. Гьеб заманалда щвезег1ан Дрезден Краласул Библиотекаялда цоязги бер реххич1еб «Китаби-Дада-Горгуд» Огъузнамеязул копия гьабун жиндихъ бугебгун дандекквей гьабуна , ва гьезда жаниса «Басатица Тапагоз чвараб» къиса немец мац1алда сверун гьелда к1удияб цо цебераг1иги хъван басмаялда бахъана. Гьединго эпос дунялалъул г1елмуялда лъазабулев г1алимчияс эпосалда бугеб Тапагоз образ Гомерил Сиклопгун данде кквезабуна ва Тапагозил образ Полифемил образалдаса г1емер нек1сияб бугеблъи пикруялда вук1ана.

1814-абилеб соналъ фон Диц востоковедлъи г1елмуялъе кьолел пайдаял х1алт1иязе г1оло Пруссиялъул Г1елмабазул Академиялъул къадрувяв членлъун вищана.

*Раван Х1асанов*

## Ц1аразул сиях1

1. ***Прелат*** *- католик килисабазда т1адег1анаб динияб хъулухъ*
2. ***Циклоп*** *- Тапагоз раг1иялъул мифогияб вариант*
3. ***Фолиант*** *- канцеляриялъул т1ехь*
4. ***Паул*** *- Мансы халкъ Паулус- Мансиял*
5. ***Кайа*** *- аслуялда Кайи г1адин ц1ализе ккола. Огъузазул цо тайпаялъул ц1ар буго.*
6. ***Штриттер*** *- немцазул востоковед, историк, Yohan Gothel Ştritter (1740-1801)*
7. ***Икониум*** *- Турциялъул гьанжесеб Коня шагьар*
8. ***Оксус*** *– нек1сияб тарихалда Окс, Джейхун (г1арабазухъ), гьанжесеб Амударья округ*
9. ***Полифем*** *– Циклоп ккола.*
10. ***Аргес*** *– нек1сияб греказул мифологиялда г1емер бер бугаб залим.*

11. ***Бронтес*** *– (лъик1аб ниятальул Аллагь) Зевсил гьит1инав вас*

12. ***Солус*** *- бакъалъул Аллагь*

13. ***Лупара*** *- Грециялда ч1инк1иллъи.*

14. ***Аполло*** *- Нек1сияб грек ва Ромалъул мифалда ва диналда бакъул, канлъиялъул, г1акъиллъиялъул Аллагь.*

15. ***Макробий*** *– Амвросий Феодосий Макробий (395-430) - Нек1сияб Ромаялъул философ ва языковед*

16. ***Цицерон*** *– Марк Туллий, Ромалъул оратор (н.э. 3.1.106-н.э. 7.12.43)*

17. ***Аргос*** *- Пелепоннесада, нек1сияб Грециялда шагьар*

18. ***Ликия*** *- Гьит1инаб Азиялда пачалихъ*

19. ***Страбон*** *- Греказул историк, географ ( н.э. 64/63-э. 23/24)*

20. ***Наупла*** *- Грециялда шагьар*

21. ***Гомер*** *- легендарияв нек1сияв греказул шаг1ир (н.э.цебе 12-13 г1асруялда г1умру гьабуна)*

22. ***Трипакриа*** *- гьанжесеб Сицилия*

23. ***Пгьопикирал*** *- Финладиялъулал*

24. ***Лилибей залив*** *– заливалъул ц1ар*

25. ***Этна*** *- муг1рул ц1ар*

26. **Фараглиони** - *Циклопаз г1умру гьабулеб ч1инк1иллъи*

27. **Катания** – *Италиялда провинция*

28. **Вал ди Демоне** - *илбисазул расалъи, Катаниялъул севералда бук1ана.*

29. **Нептун** - *ралъадазул аллагь*

30. **Нимфа Тоза** – *ралъадазул нимфа Тоза*

31. **Амфидрита** - *Посейдонил ч1ужу*

32. **Нимфе Штилбе** - *Полифемил эбелилан кола*

33. **Аминоне** - *Полифемил эбелилан ккола*

34. **Элатус** - *Полифемил эбелилан ккола*

35. **Аргонавтал** - *Арго гамиялъул ц1вар бук1ана, Ясол бет1ералда гьеб гамигун Калхидиялде месед, квас балагьизе унел.*

36. **Платон** - *Платон нек1сияб греказул идеалистияв философ (н.э 428/7-348/7)*

37. **Аэлиан Клаудиус Аэлианус** - *(170-222) Ромалъул философ, риторикалъул муг1алим*

38. **Теофилий фон Эдесса** *(695-785) - Эдиссаца Сириялъул г1алим (гьанжесеб Урфа - Турция)*

39. **Фабриций Иероним** - *Италиялъул г1алим (1537-1619)*

40. ***Дио Крисостомус*** *(344-407) Константинополлъул архиепископ*

41. ***Приам*** *- Лаомендонтил вас, Троял пача*

## Гьайнрих Фридрих фон Дицил «Гомерил Циклопгун дандекквеялда дагъаб цебе батараб Огъуз» ц1аралда бугеб цебераг1игун «Басатица Циклоп ч1вараб» хабар буссинабурал:

1. ***Азербайжан мац1*** *– Тельман Кязимов (Баку Славян Университеталъул доцент), Раван Х1асанов (Баку Халкъазда гьоркьосеб Мультикультурализм Централъул бет1ерав консультант)*
2. ***Авар мац1*** *– Джамиля Кейсеровская (АМГ1А-ялъул Мац1азул Институталъул г1елмияй х1алт1ухъан*)*
3. ***Инглис мац1*** *– Анна Томсон (хъвадарухъан ва таржамачи)*
4. ***Г1раб мац1*** *– Ахмед Сами( Айн-Шамс Университеталъул доцент , Египет, Египеталъул культурияб-лъай босиялда бух1араб бухьеналзул централъул директор*

---

* АМГ1А – Азербайжан Миллияб Г1елмабазул Академия

5. ***Эрмени мац1*** *– Гафар Чахмаглы (Эрджиес Университеталъул доцент, Турция, журналист*

6. ***Венгриязул мац1*** *– Эрделий Мелинда ( Лоранда Этвёш Университеталъул х1алт1ухъан, Венгрия, тюрколог).*

7. ***Грек мац1*** *– Саида Мехтиева ( Баку Славян Университеталъул г1елмияй х1алт1ухъан, Азербайжаналда бугеб «Арго» грек общиналъул председатель )*

8. ***Гуржи мац1*** *– Имир Мамедли (шаг1ир, издатель ва таржамачи)*

9. ***Жугьут1 мац1*** *– Тарана Х1усейнова (Баку Пачалихъияб Университеталъул доцент), Хадас Мелех (Израилалда №3 школалъул учитель, таржамачи)*

10. ***Индиязул мац1*** *– Судха Сварнакар ( Параиба Пачалихъияб Университеталъул профессор, Бразилия)*

11. ***Италиязул мац1*** *– Даниэле Франзони (Генуэз Университеталъул х1алт1ухъан, Италия, таржамачи)*

12. ***Китай мац1*** *– - Лей Чен ( Китаялъул Халкъияб Республикаялъул « Китаялъул Г1олохъаби» газетаялъул х1алт1ухъан)*

13.***Курд мац1*** *– Фахраддин Пашаев («Ронахи» Курд культурияб централъул директор, таржамачи)*

14. ***Лезги мац1***- *Седагет Керимова («Самур» газеталъул бет1ерай редактор, хъвадарухъан, публицист)*

15. ***Немец мац1*** *– - Генрих Фридрих фон Диц (немецазул дипломат и востоковед)*

16. ***Фарс мац1*** *– Мохсун Нагъисойлу (АМГ1А-ялъул член-корреспондент, профессор), Шахла Абдуллаева (Азарбайжан Республикаялъул Президентасул Ишазул Идараялъул Сиясиял Документазул Архивалъул советник, Филология г!елмабазул кандидат (ф.гl.к) )*

17. ***Г1урус мац1***- *В.В.Бартольд, (г1урус г1алимчи-востоковед, академик)*

18. ***Талыш мац1*** *– Меьхман Гараханоглу (хъвадарухъан, критик ва таржамачи )*

19. ***Тат мац1*** *– Рахшанда Байрамова (Азербайжан тат общиналъул вакил, историк)*

20. ***Турк мац1***- *Фикрет Туркмен (Эгей Университеталъул профессор, Турция)*

21. ***Удин мац1*** *– Роберт Мобили (Азербайжан албан христиан-удиназул общиналъул, Баку Пачалихъияб Университеталъул бет1ерав г1елмияв х1алт1ухъан), Рафик Данагари (Азербайжан албан христиан-удиназул общиналъул вакил, таржамачи)*

22. ***Украин мац1*** *– Мехман Салманов (Украиналъул миллияб телевидениялъул х1алт1ухъан, таржамачи) Олена Семенчук (Украиналъул миллияб телевидениялъул художественнияй редактор)*

23. ***Француз мац1*** *– Мишель Боздемир (Бакъбаккул Мац1ал ва Культура Университеталъул профессор- INALCO*,Франция)*

24. ***Хиналуг мац1****- Закир Агъаев- (Азербайжан хиналуг общиналъул вакил, таржамачи)*

25. ***Япон мац1-*** Такайуки Йокота Мураками (Осаки Университеталъул асс.профессор, Япония)

---

* *INALCO* –Бакъбаккул Мац1ал ва Культура Миллияб Институт

# Т1ехьалъул бут1рул

Азербайжан Республикаялъул Президент
Ильхам Г1лиевасул Указ ..................................................4

Фон Дицие рокьигун (байбихьул раг1и).........................7

**Гьайнрих Фридрих фон Диц**

**«Гомерил Циклопгун**
**дандекведлда дагьаб цебе батараб Огъуз»**..............11

**«Басатица Тапагоз ч1вараб» хабар**............................45

«Китаби-Дада-Горгуд» эпосалъул х1акъалъулъ
баянал.........................................................................65
Гьайнрих Фридрих фон Дицил
х1акъалъулъ баян.....................................................68
Ц1аразул сиях1.........................................................71
Буссинабурал………….....................................................75

*Nəşriyyat redaktoru - Əliş Ağamirzəyev*
*Texniki redaktor - Mətanət Qaraxanova*

*«Mütərcim» Nəşriyyat-Poliqrafiya Mərkəzi*

Çapa imzalanıb: 05.11.2015. Format: 70x100 1/32.
Qarnitur: Palatino. Həcmi: 5 ç.v. Tiraj: 1000.

*«Mütərcim» TM, Az1014, Bakı, Rəsul Rza, 125*
*Tel.: (+994) 596 21 44, e-mail: mutarjim@mail.ru*
*www.mutercim.az*